Министрыщ1э Крючков Вячеслав

2-нэ нап.

Хъуапсэ и псэ к1уэдыркъым

3-нэ нап.

Гъэунэхуныгъэм пхык1ахэр

4-нэ нап.

«Щ1ык1ураш»

4-нэ нап.

ФИФ1 ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОК1

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№19 (24.613) • 2024 гъэм мазаем (февралым) и 20, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдок1 • И уасэр зы тумэнщ

Хэк1уэда журналистхэр ящыгъупщэркъым

4-нэ нап.

Iэтащхьэр щ1ыхухэм яхуозэ

Хабзэ зэрыхъуам тету, КъБР-м и Iэтащхьэ К1уэк1уэ Казбек щ1эх-щ1эхыуэр яхуозэ зи щхьэ Iуэхук1э зыкъыхуэзыгъаз щ1ыхуэхэм. Иджыблагъэ я1ущ1ащ гъунэгъу щ1ынальэм щек1уэк1 дзэ Iуэху хэхам (СВО) хэт зауэл1хэм я Iыхьлыхэм ящыщхэм.

АБЫХЭМ республикэм и пашэм зэрызыкъызыхуагъэзэ упщ1эхэр епхащ коммунальнэ-псэупIэ Iуэхугъуэхэм, медицинэ, социальнэ дэIепыкъуныгъэхэм. Зэхуэзахэр тепсэлъыхьащ щ1ыпIэ администрацэхэмрэ «Хэкум и хъумак1уэхэр» фондымрэ зэрызэдэлажьэ щ1ык1эхэм.

Зыкъызыхуэзыгъэза дэтхэнэри зыгъэк1уэхьа Iуэхугъуэхэм гупльитэ хэхаи дэIепыкъуныгъи я1ыгъэтынущ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Япэ игъэщ1ыпхъэхэр ягъэнаIуэ

Урысей Федерацэм и Правительствэм и вице-премьер Хуснуллин Марат иджыблагъэ иригъэк1уэк1ащ Правительствэм щ1ынальэхэм зегъэужынымк1э и комиссиям и президиумым и з1ущ1э. Абы щ1ытепсэлъыхьащ 2024 къапэщ1ыл1э лэжьыгъэхэмрэ лъэпкъ пэхущ1эм къыщ1ыгъэлъэгъуа къалэнхэмрэ гъэзэщ1а хъун папщ1э ящ1эну къапэщ1ытхэм, япэ игъэщ1ыпхъэхэм.

ХУСНУЛЛИН Марат къыхиригъэщащ псэупIэу яухуэм и куэдагъым къызэрыхэхъуэр, къужъэ щ1ыпIэхэм зэпэщу зегъэужьыным зэрегъэупхъэр ик1и, абы къыхэк1ыу, щ1ынальэхэм я унафэщ1эхэр къыхуриджащ а лэжьыгъэр къамыгъэтIэсхъэну. Унафэщ1ым з1ущ1эм хэтхэм гу лъаригъэтащ къалэдэсхэм я псэук1эр иджырей мардэхэм къитIасэу егъэфIэк1уэным мыхьэнэшхуэ зэрыратыр ик1и цIыхухэр щыпсэу щ1ыпIэхэм ящ1ыщу з1ыгъэпэщ ящ1ынухэр онлайн-Iэ1этк1э къыхахын папщ1э щ1ынальэхэм гъатхэпэм и 15 - мэлыжьыхьым и 30-хэм къриубыдэу щрагъэк1уэк1ыну Iуэхугъуэр я нэIэ щ1агъэтын зэрыхуейми тригъэчыныхьащ.

УФ-м уху эныгъэмрэ ЖКХ-к1э и министр Файзуллин Ирек абы дыщ1игъужу жиIащ «ПсэупIэмрэ къалэ щ1ы эк1эмрэ» къэрал пэхущ1эм ипк1э итк1э жылагъуэ щ1ыпIэ 3917-рэ, унэ пщ1антIэу 2584-рэ з1ыгъэпэщ зэращ1ынур. Къэбэрдей-Балъкъэрым я пэхущ1эм хьльэу зыхуей щ1ыхуагъэзэнущ щ1ыхуэхэр нэхъыбэу щ1ызэхуэс жылагъуэ щ1ыпIэу 27-рэ, фэтэр куэду зэхэт унэхэм я пщ1антIэу 30-рэ. Абы ехьэлIауэ республикэм зэгурыIуэныгъэ ирищ1ылIащ УФ-м Уху эныгъэмрэ ЖКХ-мк1э и министерствэм. Абы трагъэк1уэдэну сом мелуан 225,6-м щ1ыщу мелуан 218,8-р къэрал бюджетым къыхэк1ынущ, мелуани 2,2-м щ1игъур КъБР-м и бюджетым, сом мелуани 4,5-м нэблагъэр щ1ынальэ бюджетым къыхэк1ынущ. Иджыпту щ1ынальэхэм щ1ауб3ыху лэжьыгъэхэр щрагъэк1уэк1ыну щ1ыпIэхэмрэ абы тек1уэдэнум и куэдагъымрэ.

ХЬЭЩ1ЫК1ЪУЕЙ Олег.

Я пщIэмрэ щIыхьымрэ мык1уэдыжынщ

КъБР-м и Iэтащхьэ К1уэк1уэ Казбек республикэм и ц1ыхухэм ехъуэхъуащ Iуащхьэмахуэ лъапэ нэмыц-фашист зэрыпхъуак1уэхэм къызэрыIэщ1агъэк1ыжрэ илъэс 81-рэ зэрырик1ужынк1э.

«ИЛЪЭС 81-рэ ипэк1э Iуащхьэмахуэ и щыгум щек1уэк1а зэхэуэ гуащ1эхэм иужьк1э абы щагъэуваук1 щытащ СССР-м и къэрал ныпыр.

Кавказым щхьэк1э ек1уэк1а зауэм и тхыдэм а и напэкIуэщ1ым къыщ1ыхэгъэщащ совет сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ зэрахьа л1ыгъэмрэ хахуагъэмрэ. А зэхэуэр тельыджэ ищ1ащ бгы защ1эу щыт щ1ыпIэм зэрыщек1уэк1ам.

1943 гъэм и мазаем Гусев Александррэ Гусак Николайрэ я унафэм щ1эту совет дзэл1-альпинист 20 Iуащхьэмахуэ дэк1уеиуэу щытащ. Мазаем и 13-м дунейм и щытык1эр хуабжьу къызэIыхьа пэтми, Iуащхьэм и къуэк1ыпIэ лъэныкъуэр къауб3ыдыжат ик1и я къалэныр ягъэзэщ1ат.

Дзэл1-альпинистхэм къагъэна тхыгъэм итт: «Iуащхьэмахуэ дыззэрыдэк1ар тедухуащ Кавказыр нэмыцхэм къаззэрыIэщ1эдгъэк1ыжамрэ щ1ыхь зи1э ди Армэ Плъыжьыр къызэрызэрагъэпэщ1рэ илъэс 25-рэ зэрырик1ум. Закавказье фронтым и Iэтащхьэм и унафэк1э, гупым нэмыц-фашистхэм я бэракъыр къыфIэтхыжри СССР-м и Нып плъыжьыр дгъэуващ».

Мазаем и 17-м ди къэралым и тек1уэныгъэ ныпыр Iуащхьэмахуэ и къуэк1ыпIэ щыгуми щагъэуващ.

Абдеж щек1уэк1а зауэм и щ1ыхьк1э метр 3800-рэ зи лъагагъ щ1ыпIэм «Iуащхьэмахуэ лъапэ зыхъума л1ыхъужьхъэм папщ1э» фэеплъ ц1эрыIуэр ягъэуващ.

Фигу къэдгъэжьыжынщи, а фэеплъыр тепловоз щащ1у Луганск дэт заводым щащ1ащ ик1и 1987 гъэм луганск альпинистхэм ягъэувауэ щытащ. Ноби а фэеплъым экспедицэхэр мак1уэ, апхуэдэ гупхэм яхэтщ Донбасс щ1ащхэри. Лъэпкъыбэу щыт ди къэралыр абы щыгъуэми ноби зэхъуэтщ.

1942 - 1943 гъэхэм Iуащхьэмахуэ яхуэмэу хэк1уэда зауэл1хэр Теркол щащ1ал1ъхьащ - а щ1ыпIэм абыхэм мемориал щыхуагъэуващ.

Кавказым щхьэк1э ек1уэк1а зауэм и Л1ыхъужьхэм я фэеплъыр зэи тущыгъупщэнкъым, зи сабийхэм, абыхэм я щ1эблэм мамырыгъэк1а яхуэупса, ахэр къыщ1ыхьащ щ1ыгум щыпсэуну ик1и щыл1эжьну Iэмал езыта щ1ал1э хахуэхэм я пщ1эмрэ щ1ыхьымрэ мык1уэдыжынщ», - итщ республикэм и Iэтащхьэм ц1ыхухэм зэрызахуигъаэзм.

Кавказ Ищхъэрэм дыщыетIуанэщ

Ц1ыхухэм я псэук1эм и фIагъыр 2023 гъэм зыхуэдар щыз3пэлъытым на1уэ къызэрыхъуамк1э, Къэбэрдей-Балъкъэрым Кавказ Ищхъэрэм етIуанэ увыпIэр щ1ифыдащ. Ар къызэрапщыта Iэхуагъуэ 66-мк1э ди республикэм балл 46-рэ къратащ. Абык1э къытущхьэщ1ык1ащ Ставрополь краймрэ (балл 58,8-рэ) Осетие Ищхъэрэ - Аланиемрэ.

КЪЭПЩЫТЭНЫГЪЭХЭМ къызэрагъэлъэгъуамк1э, 2023 гъэм ц1ыхухэм я псэук1эр къэралым и щ1ынальэхэм я нэхъыбэм щефIэк1уац, ауэ щ1ельэхъшэхахэри щ1эщ - Чукотк1э автономн3 округым, Белгород, Магадан, Псков областхэм.

Ц1ыхухэм я псэук1эм и фIагъымк1э, илъэс ипэк1и хуэдэу, пэрытхэщ Мэзкуу, Санкт-Петербург къалэхэмрэ Мэзкуу областымрэ. Рейтингым и ик1э дыдэм щытщ Журт автоном округыр, Ингуш республикэр, Тыва щ1ынальэр.

БАТОКЪУЭ Албэч.

Ди къалэхэм заужь

УФ-м и къалэ мыинхэмрэ тхыдэ мыхьэнэ зи1э жылэхэмрэ дэсхэм я щ1ыIэк1э-псэук1эр зэ1уэпщ щ1ыным ехьэлIауэ ек1уэк1а 8-нэ урысейпсо зэхьэзэхуэм нэхъыфIу къыщ1ал1ытахэм ящ1ыщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Шэджэм, Май къалэхэм ягъэхьэзыра пхуэщ1эхэр (проектхэр) ик1и абы къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр ягъэзэщIэн щ1адзащ.

МАЙ щ1ынальэм и щ1ыхьэрым «Къалэ утыку» пэхущ1эм ипк1э итк1э къалэкур къагъэщ1эрэщ1эжынущ ик1и зыхуэй-зыхуэфIхэмк1э къызэрагъэпэщынущ. Абы тек1уэдэну сом мелуани 114-р къалэ, республик1э, щ1ынальэ бюджетхэм къыхэк1ынущ.

Щ1эджэм къалэм и «Щэджэм. ИпэкIэ к1уэтэн» пэхуэщ1эм хьхьэу з1ыгъэпэщ ящ1ынущ К1арэм и щ1ар зезыхьэ уэрамым, Надречнэм, Мамбэтхэ я щ1ар зезыхьэ уэрамым я зэхуакум дэлъымрэ, Щэджэм псым къедза щ1ыпIэхэмрэ. А лэжьыгъэхэм къыхуагъэсэбэныну къалэныгъуа сом мелуани 127,6-ри къэрал, республик1э, щ1ынальэ бюджетхэм къыхьхынущ.

КъалитIми щрагъэк1уэк1 лэжьыгъэхэр гъэмахуэм ик1эхэм зэфIагъэк1ыну я мурадщ.

АЛЫДЖЫК1ЪУЭ Атмир.

Илъэс 95-р ягъэлъапIэ

Ново-Ивановскэ къуажэм щагъэлъапIащ «Ленинцы» мэкъумэш зэгухьэныгъэр къызэрыуна-нэхуэрэ илъэс 95-рэ зэрырик1уэр.

А IУЭХУМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэ **Говоров Сергей**, КъБР-м и Парламентым Мэкъумэш Iуэхуэмк1э, щ1ыуэпсыр къэгъэсэбэпынымк1э, экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымк1э и комитетым и унафэщ1 **Текlушэ Артур**, КъБР-м мэкъумэш Iэнатlэмк1э и министр **Сыжажэ Хьэсэн**, Май районым и щ1ыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Саенкэ Татьянэ** сымэ.

Зэхьхьэр к1ыщ1ыз3Iухым, Егоровэ Татьянэ къызэхуэсахэм махуэш хуэмк1э екъуэхъуащ.

- КъБР-м и Парламентым и депутатхэм къабгъэдэк1ыу, си гуапэу сынывохъуэхъу мэкъумэш Iэнатlэ нэхъ ин дыдэхэм ящ1ыщ, апхуэдэуи республикэм щынэхъыжь «Ленинцы» зэгухьэныгъэр илъэс 95-рэ зэрырик1ум-к1э, - жиIащ Егоровэм. - Щ1ым телэжьыным сыт хуэдэ зэманми мыхьэнэшхуэ и1эу щытащ. Мэкъумэш щ1ымыIэмэ, ц1ыхур псэуфынукъым. Пэжщ, фи лэжьыгъэр гугъущ, абы къауи Iэзагъи епхьэлIэн хуейщ, ауэ Iуэхущ1апIэм и лэжьыгъэр ягъэлъапIэ и мыхьэнэшхуэ и1эщ фэ къыщ1эвгъэк1ыр зэрыкъабзэм. Нэхъыщхьэращи, республикэм щ1ыпсэуэхэми абы и хьэщ1эхэми ахэр я гум дохьэ. ФIагъ пъагэ зи1э ерыскъыхэк1эр къыщ1ывогъэк1ри, абыхэм щ1эупщ1э я1ащ, гъэпсэгъуэнхэмрэ хэмрэ жармык1эхэмрэ къыщ1ихагъэщ. Фыщ1э фхдощ1 апхуэдэ лэжьыгъэшхуэ зэревгъэк1уэк1ым папщ1э.

Махуэшхуэр щ1эдгъэлъапIэр тхыдэм и напэк1уэц1эр адэк1э зэрызэдгъэдэзк1 къудейракъым, атIэ ар Iэмальфlщ Iуэхущ1апIэм и зыужьыныгъэм телэжьахэм пщ1э яхуэтщ1ыжынымк1э. Зы щ1эблэкъым мы Iэнатlэм зи зэфIэк1, къару, Iэзагъ езыхьэлIар. Фигу къэзгъэк1ыжыну сыхуейт иужьрей илъэс 25-м «Ленинцы» зэгухьэныгъэм екъуэлIэныгъэшхуэхэр къыхуэзыхьа Бердюжэ Владимир. КъэлIуэтэгъуэйц абы мы Iэнатlэр егъэфIэк1уэным хуищ1а хэлъхьэныгъэр зыхуэдизыр. Ар сыт щыгъуи ди гуапэу дигу къыдогъэк1ыж.

Ново-Ивановскэ къуажэм и Iуэхущ1апIэ нэхъыщхьэм къыпэщ1ытыщ л1эщ1ыгъуэ ныжьыр игъэпэлIэнри. Си фIэщ мэхъу, хабзэ дахэ зэрыхъуауэ, адэк1и фи екъуэлIэныгъэхэм зэрыпыфщ1энур, къыщ1эвгъэк1ым я фIагъым фызэрегугъуэнур.

Егоровэм къызэхуэсахэм екъулIэныгъэ куэд иджыри я1эну, я мурадхэр къекъулIэну екъуэхъуац.

Мэкъумэш Iэнатlэм хуащ1 хэлъхьэныгъэм папщ1э, КъБР-м и Парламентым и Щ1ыпIэ тхылъыр хуагъэфэщащ тракторгубгъуэ бригадэ №1-м езанэ класс зи1э и трактерист-машинист Божко Николай, автозаправкэм и унафэщ1 Заркова Валентинэ, джэдкъаз фермэм тет Шипошэ Наталье сымэ.

Зэхьхьэр районым и уэрэджьк1ак1уэхэмрэ къэфак1уэхэмрэ ягъэдзхащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

IэнатIэр къепщытэ

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымк1э и министр Къалэбатэ Рустам ц1ыхухэм яп1э дэIепыкъуныгъэхэр щрат медицинэ Iуэхущ1апIэхэм унэтIныныгъэм и мардэщ1эхэр зэрыщагъэзащ1эр къыщ1ипщытэу лэжьыгъэ Iуэхук1э щ1ынальэхэм мак1уэ. Мы махуэхэм ар щ1ыIащ Щэрэдж район сымаджэщым и поликлиникэ къудамэм.

ЩIЫНАЛЪЭМ и сымаджэщ нэхъыщхьэм и поликлиникэ къудамэм министрым зыщигъэгъуэзащ абы къек1уалIэ ц1ыхухэм дэIепыкъуныгъэхэр зэрыхуащ1эм, диспансеризацэр зэрырагъэк1уэк1ым, гупу зэтримыхьэн щхьэк1э чэзуэр зэрызэщхьэщагъэк1 Iэмалхэр къызэрагъэсэбэпым. Абы зригъэлъэгъуац дохутырхэр щ1ыпсэу-хэм медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр щ1ыхущ1ыпэшхэр, «Уэыншагъэр хъумэн» пIэпкъ проектымк1э къащ1эху иджырей Iэмэпсымэхэмк1э къызэгъэпэща лабораторэр. Апхуэдэу Къалэбатэм къипщытащ район сымаджэщым и хирургие къудамэм и лэжьыгъэри, клиникэ щытык1э хьэлъэхэр зыхуэдэр зригъащ1ащ, абы щ1эльэми епсэлъащ.

Щэрэдж районым и къуажэхэм медицинэ дэIепыкъуныгъэхэр къызэрыщ1эзгъэпэщари зригъэлъэгъуащ министрым. Ар щ1ыIащ Бабугент, Къарэсу, Безенги жылэхэм дэт амбулаторэхэмрэ ФАП-хэмрэ. Абыхэм я Iуэхуэр зытетым зыщигъэгъуэза нэужь, пщэрыльэ ящ1ащ1ащ бжыгъэрыльэнэ Iэмалхэр къагъэсэбэпу дохутырым и деж зэрызебгъэтх щ1ык1эмк1э лэжьыгъэр нэхъ тэмэму зэтраублэну.

Къалэбатэ Рустам Щэрэдж щ1ынальэм и медицинэ Iуэхущ1апIэхэм щ1ильэгъуахэм яп1э итк1э, Iэнатlэм адэк1и зегъэужьынымк1э, ар егъэфIэк1уэным к1э районым сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм чэнджэщ зыбжанэ иритащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩ1 Изэ.

Пэжыращ къару зиIэр

Апхуэдэ фIэщыгъэ зи1э дзэ-патриот Iуэху гъатхэпэм и 9-м Налшык щек1уэк1ащ. Урысей псор къызэщ1эзыубыдэ мы Iуэхур щыщ1адзэнур ирагъэхьэл1ащ Хэкум и Хъумак1уэм и махуэм - мазаем и 23-м.

МОСКВА и Киев вокзалым къытек1ынурэ, агитацэ мафIэгур гъэгу техьэнущ, Къэбэрдей-Балъкъэрым, ар къэсынущ гъатхэпэм и 9-м. Урысей Федерацэм и щ1ынальэхэр зэщ1агъэхьа иужь, Iуэхур накъыгъэм и 8-м къалащхьэм и Беларус вокзалым щиухынущ, Хэку зауэшхуэм къыщ1ытхьа Тек1уэныгъэр щыдгъэлъэпIэну махуэм и п3 къихуэу.

Зауэ Iуэху хэхам теуху вагон-музейхэмрэ къуентхъыу къа1эрыхьа дзэ техникэр зэрыт платформэхэмрэ зыхэт «Пэжыращ къару зи1эр» мафIэгум Къэбэрдей-Балъкъэрым и щ1ыхьэрым хэ1этк1ауэ ягъэлъапIэу щ1ыущ1ынущ. Абы хэтынухэм папщ1э щ1ынущ Iащэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ, ахэр едэIуэфынущ 31681 зауэл1 частым и оркестрым игъэзащ1э макъамэхэм. Iащэхэр зэрызэпкърахьэну ик1и зэрызэпкърахыну щ1ык1эр, парашютыр зэрагъэхьэзырыр ирагъэлъагъунущ, апхуэдэу дзэ къульк1ымэ пэрыхьэну хуейкэр къыхахынущ. Къек1уалIэхэр ягъэхьащ1энущ губгъуэрыс пщэфIэлIэм щагъэва сэлэт хьэнтхъупск1э. «Уи Л1ыхъужьыр» проектым ипк1э итк1э зрагъэц1ыхунущ ик1и епсэлъэнущ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм.

Iуэхур гъатхэпэм и 9-м «Налшык» гъущ1 гъэзгу вокзалым щек1уэк1ынущ сыхьэти10-м щыщ1эдзауэ 14-м нэсыху.

Я нэгум щIэтынущ

● Дызэкъуэту

ЦIыхум и шыфэлIыфэ, и хьэл-щэн хъунур сабиигъуэм къыщожьэри, унагъуэм, еджапIэм, зыхэтхэмрэ ящыхьурэ эзтоувэ. ЛIыгъэщIапIэ ихуам и гупсысэхэри абы елъытащ зыкъомкIэ. ЛIыгъэр ягъэлъагъуэ щапхъэу, щIалIыкI щIэблэр. Ди лIыхъужьым и цIэри игъащIэкIэ фIыкIэ къинащ цIыху куэдым я гум. Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам лIыгъэ хэлъу и псэр щитащ ЗкъотIохъуцыкъуей къуажэм щыщ КъыIэ Заур.

1992 гъэм Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ КъыIэбрун I къуажэм Заур къыщалъхуащ. КIуращын Т. М и цIэр зэрихьэу ХьэтIохъущыкIуей дэт курыт школым щеджащ. Ар щIалэ нафIэгуфIэу, жану, хэлъэт иIэу къэхъуащ. ЗэрыщIыкIурэ спортыр фIэфIт, абы зыщыхуагъасэ гуп зэмылIэужьыгъуэхэми екIуалIэрт. Зыщеджа школым фIыиуэ къыщалъагурт и гуапагъэм, пэжым зэрытетым, гущIэгъу зэрыхэлъым, ныбжьэгъугъэр зэриIыгъым щхьэкIэ. ЕзыгъэджакIэм жаIэж ар сытым дежи лей къызытехьэм къыщыхьэщыжу зэрыщытар.

«Заур щIалэ зэтетт, жэуаплныигъэ хэлът, и гупсысэхэр бзыгъэт, и классэгъуэхэм пщIэ къыхуащIырт. Ар сытым дежи жьыджэру хэтт классым зыкъыщIигъэлъагъуэ зэхьэзэхуэ псоми. Сыт хуэдэ къаIэни дэлъхьэ и пщэм - арэзы укъищIу игъэззщIэнут», - игу кьегъэкIыж и яп-эгъэджакIуэ Щорэ Светланэ. И школ ныбжьэгъуэм жаIэж сытым дежи и нэкIум гуфIэ зэриттар. «ЦIыху гуапэт, гушыIэрейт, и псалъэм тетыжт», - жаIэ.

2008 гъэм Заур школыр къиухащ. ИльэситI дэкIри дзэм къулыкъу щищIэну ираджащ. Армэ нэужьым Налшык «Сладо» заводым щыIэжьащ, и лэжьэгъуэхэм я псэм дыхьэу.

Адэ-анэмрэ къыдалъхуахэмрэ яхузэщабэт Заур. УнагъуэкIэ ягъэлъапIэ махуэшхуэхэр фIэфIт – гуфIэрт псэкIэ пэгъунэгъуэхэм гукъыдэж яIэу щиIыгъуэкIэ.

2022 гъэм и бжьыхьэм Къыз Заур Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам кIуащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым лIыгъэ кьигъэлъагъуэу и псэр итащ.

«ПщIэ зыхуэсщI Сэфарбийрэ Ямыдзэ! Мазаем и 23-м ди къэралым егъэлъапIэ лIыгъэрэ хахуагъэрэ яхэлъу, къикIуэт ямыIэу Урысейм и хуитыныгъэм щIэзэуахэр, Хэкум и къыщIхьащжакIуэ нэсхэр. Абы-хэм яцIыщщ Хэкум папщIэ зи гъащIэр зыта Къыз Заур.

Си гум къыбгъэдэкIыу фIыщIэ фхузощI Хэкум и къуэ нэс зэрывгъэсам щхьэкIэ. Шэч къытесьэрэ зыкъом абы и лIыгъэмрэ и гъащIэр Хэкум зэрыщIитамрэ дэркIэ, къытщIэхъуэ щIэблэмкIэ Хэку лъагъунэгъэ инымрэ жэуаплныгъэмрэ я щапхъэу зэрыщытынум. ПщIэ къыфхуэзыщI КIуэкIуэ Казбек! Мыпхуэдэ тхыгъэ къаIэрылэнэхэр зэпэщу игъэззщIэну Iэмал къыззрыратынур», - къыхигъэщащ Кубышко Владимир къыщыпсалъэм.

Апхуэдэуи къыззхуэсахэм захуигъэзащ полицэм и генерал-полковник Бачурин Сергей. Абы къыхигъэщхьэхукIащ Крючков Вячеслав республикэ МВД-м и лэжьыгъэр зэрыригъэфIэкIуэнур и фIэщ зэрыхъур. ЖиIащ Урысей МВД-м КИФЩI-мкIэ и управленэ нэхъыщхьэр сыт и лъэныкъуэкIи къыззрыдзIэпыкъунур УФ-м и МВД-м къиГъуэ кьалэнхэр зэфIэгъэкIын и лъэныкъуэкIэ.

Крючков Вячеслав Урысей МВД-м и унафэщIхэм фIыщIэ яхуищащ икIи жиIащ кърагъэзэ дзыхьыр игъэпэжьын папщIэ и къару зэремыблэжьынур.

УАРДЭ Жантинэ.

Министрыщ Iэ Крючков Вячеслав

Урысей Федерацэм къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ и министрым къалэн къыщицIри, и къуэдзэ, полицэм и генерал-полковник Кубышко Владимир Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министру КъБР-м щыIэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзэжну полицэм и генерал-майор Крючков Владимир гупым яригъэцIыхуащ. ИпэкIэ ар Урысей МВД-м и управленэу Омск областым щыIэм и унафэщI къулыкъум пэрытащ.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ Урысей МВД-м и управленэ нэхъыщхьэу КИФЩI-м щыIэм и унафэщI, полицэм и генерал-полковник Бачурин Сергей, Урысей МВД-м и Краснодар университетым Iэщ Iагъэм хагъэхъуэныкIэ и Кавказ Ищхъэрэ институтым и унафэщI, полицэм и полковник Щхьэгъэпсо Заурбий, ведомствэм и Iэнатlэхэм я унафэщIхэр.

«Крючков Вячеслав унафэщI къулыкъу зыбжанэм пэрытащ, УФ-м и МВД-м Управленэмкlэ и академиер къиухащ. Къэрал, ведомствэ дамыгъэхэр иIэщ. Си фIэщ мэхъу бгъэдэлъ зэфIэкIхэмрэ щIэныгъэмрэ абы Къэбэрдей-Балъкъэрым жылагъуэ хабзэр щыдэIыгъыныкIэ щIыхьэхэм я шинагъуэншагъэр къыщыдзэгъэпэщыныкIэ ехьэлIауэ къыпэщыт къалэнхэр зэпэщу игъэззщIэну Iэмал къыззрыратынур», - къыхигъэщащ Кубышко Владимир къыщыпсалъэм.

Апхуэдэуи къыззхуэсахэм захуигъэзащ полицэм и генерал-полковник Бачурин Сергей. Абы къыхигъэщхьэхукIащ Крючков Вячеслав республикэ МВД-м и лэжьыгъэр зэрыригъэфIэкIуэнур и фIэщ зэрыхъур. ЖиIащ Урысей МВД-м КИФЩI-мкIэ и управленэ нэхъыщхьэр сыт и лъэныкъуэкIи къыззрыдзIэпыкъунур УФ-м и МВД-м къиГъуэ кьалэнхэр зэфIэгъэкIын и лъэныкъуэкIэ.

Крючков Вячеслав Урысей МВД-м и унафэщIхэм фIыщIэ яхуищащ икIи жиIащ кърагъэзэ дзыхьыр игъэпэжьын папщIэ и къару зэремыблэжьынур.

УАРДЭ Жантинэ.

Мы махуэхэм

Туризмэм зрагъэужь

Худэчых зиIэ кредит программэмкIэ федеральнэ бюджетым къыхэкIыу туризмэм хухаха ахъшэм дыщIагъэжьинущ сом мелард. Апхуэдэ унафэ иджыблагъэ къыщатащ Урысей Федерацэм и Правительствэм.

МЫЛЪКУР хуаутIыпщынущ бгы-лыжь зыгъэпсэхупIэхэм я инфраструктурэр къыззгъэпэщыныкIэ проектэхр зыгъэзащIэ инвесторхэм. Iуэхур зыхуэунэтIар илъэсым къриубыдэу цIыху мин 500 нэхърэ мынэхъ мащIэм зыщагъэпсэхуфыну курорт щыIэщхуэхэм я зыужьыныгъэрщ.

Апхуэдэ унафэр сэбэп хъунущ инвестороущIэхэр унэтIыныгъэм кьешэлIэныкIэ икIи ахэр фIагъ лъагэ зиIэ зыгъэпсэхупIэхэр къызэгъэпэщыным тегъэгушхуэныкIэ.

УФ-м и Правительствэм хуэдэхъ зиIэ кредит программэр туризмэм къыщыгъэсэбэпынырэ 2021 гъэм иригъэжьауэ щытащ икIи зыхуэунэтIауэ щытар ХъэщIэщхэр ухуэныгъэ ахэр зэгъэпэщыжыныгъэт. 2023 гъэм Урысейм и Президентым и пащэрыпхъэ программэм зрагъэубгъуауэ: абы хагъэхьащ нэгузэгъэужь щыщIэхэр, аквапаркэр ухуэныр, бгы-лыжэ курортхэр зыхуэзыгъэпэщыныр.

Лъабжьэ иIэкъым

Германием и канцлер Шольц Олаф европэ къэралхэм я унафэщIхэр къыхуригъэджащ Украинэм зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIэну, абы и шинагъуэншагъэмкIэ щэсыпIэ зэрихьэм теухуауэ. «Апхуэдэ зэгурыIуэныгъэхэм къэрал псори хуэкIуэн хуейуэ сэ къызэопытэ», - жиIащ канцлерым.

ДОНЕЦК ЦIыхубэ Республикэм и Iэтащхьэ Пушилин Денис а Iуэхум теухуа и еплъыкIэр щыжиIащ «Россия 24» телеканалым. Абы къыззрилъытэмкIэ, КъуэхэпIэмрэ Украинэмрэ шинагъуэншагъэм теухуауэ зэращIылIэну зэгурыIуэныгъэм мыхьэнэ лъэпкъ иIэкъым, апхуэдэуи къыхигъащащ а дэфтэрым къыщыгъэльэгъуа Iуэхуэхэр гурыIуэгъуащэу зэрыщымытыр.

«Зэгурыlуэныгъэм къыщыгъэльэгъуащ Iэщэ, техникэ гуэрхэмкIэ къызэгъэпэщыныр, зэгуфхэныгъэ щхьэхуэхэр зэхэшэныр. Хъыбар зэрыщыIэмкIэ, апхуэдэ зэгурыIуэныгъэр Украинэм иращIылIащ Франджымрэ Германиемрэ. Ауэ шэсыпIэ хъуну, купщIэ хэлъу, Iуэху пыухыкIа щыщэщIауэ а дэфтэрым зыри иткъым. Хабзэ и лъэныкъуэкIэ лъабжьэ лъэпкъ иIэкъым», - къихьащ Донецк Республикэм и Iэтащхьэм и псалъэхэр ТАСС-м.

Нобэ

♦ **ЦIыхухэр зэхуэгъэздэным и дунейпсо махуэщ**

♦ **1975 гъэм** хьэуам зыщыхъужмэжьныкIэ дзэхэм я махуэр ягъэуваща.

♦ **1940 гъэм** Налшык къалэм Iэфыкlэ щащI фабрикэ къыщызэIуахащ.

♦ **1897 гъэм** къалъхуащ адыгей тхакIуэ **Теувэж Хьэбиб**.

♦ **1935 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта **Гащтэ Абдул**.

♦ **1942 гъэм** къалъхуащ композитор, УФ-м гъуэзджэкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат, жылагъуэ лэжьакIуэ **ХьэIупэ Джэбрэ1ил**.

♦ **1951 гъэм** къалъхуащ генерал-лейтенант, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, Москва и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгейм и ЩIыхь» медалыр зрата **Дзыбэ Мусэ**.

♦ **1952 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм, КъБР-м щIыхь зиIэ я артисткэ **Бжэлъмыхъ Барисат**.

♦ **1979 гъэм** къалъхуащ «Iуащхьмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь, «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщI **Истэпан Залинэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэриты кIэ, Налшык кьешхьэсу щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм 1 градус, жэщым градуси 2 - 1 щыхъунущ.

ЗыгъэхьэзырарЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэзщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Уи насып зыхэмылъым дагъуэ къыхубогъуэт.

● УФСБ-м къет

Къуэды ипшынынущ

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм къызэпаудащ Аруан районым щыпсэу, илъэс 58-рэ зи ныбжь КIэщ А.И. зэрихьэ щIэпхъаджагъэр, Май муниципальнэ районым щыIэ коммерческэ IуэхущIапIэхэм язым и сэбэп хэлъу щIыхуэпс газыр дыгъуным пыщIар.

МАЙ районым судым и унафэ къару зыгъэуэтам ипкъ иткIэ, КIэщ А.И. къуанщэу кьалъытащ 158-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм и «б», «в» пунктхэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэр илъэкъуэ икIи къуэды ипшыныну хуагъэуващ.

Илъэс 20-м нэс

Наркотикхэ кIэр игъэкIыным пэщIэт Iуэхуэхэр ирагъэкIуэкIыу Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм къызэпаудащ Азие Курытым и республикэхэм язым щыщым зэрихьэ щIэпхъаджагъэр.

ЯУБЫДАР къыщащIым, ар щыпсэуэр къыщыззхапIлъхьэным къытрахащ «метадон» наркотикэкI граммэ 49,21-рэ.

Щэч зыхуащIым теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, 228.1-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм и «г» пунктым къыщыхьа щIэпхъаджагъэр илъэкъуэ. Хабзэм ипкъ иткIэ ар илъэс 20-м нэскIэ ягъэтIысынкIэ мэхъу.

ЗыщIэгупсысыжыну зэман иIэщ

Республикэм щыпсэу, илъэс 27-рэ зи ныбжь цIыхубзым зэрихьэ хабзэншагъэр Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм къыззпаудащ. Ар япыщIащ хамэ къэрал цIыхуэхэр хабзэм къимытIасэу Урысей Федерацэм щыIэныр къыззгъэпэщыным.

НАПIЩЫК къалэм и судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ, ар къуанщэу кьалъытащ УФ-м и УК-м и 322.1-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и «а» пунктым къыщыхьа щIэпхъаджагъэр зэрилэжьамкIэ икIи ямыгъэтIысу илъэси 2-рэ мази 6-рэ тралъхьащ, хабзэр къызэпимыуду илъэситкIи зыхуэсакъыжыну.

Бахъсэн щIыналъэм и зэфIэкIыр

Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэм иджыблагъэ къызэритамкIэ, Бахъсэн щIыналъэм псы зыщIагъэхьэ щIыуэ иIэм иужьрей илъэситхум гектар мини 2,7-рэ къыхагъэхъуащ, псыутх машинэу 31-рэ ягъэуващ. Ар яхуэзфIэкIащ «Дунейпсо кооперацэмрэ экспортымрэ» лъэпкъ пэхущIэм ипкъ иткIэ республикэм щылажьэ «Мэкъумэш продукцэр хамэ щIыпIэхэм яхуеГъэшэн» щIыналъэ пэхущIэм и фIыгъэкIэ.

Бахъсэн щIыналъэм псы зыщIагъэльэдэ щIым илъэс кьэс къызэрыхагъахьэуэ и фIыгъэкIэ, мэкъумэшыщIэхэм ГъавэI нэхъыбэ ягъэхьащ. Псалъэм къыдэкIуэу, 2019 - 2023 гъэхэм хьэцэпэщэу псори зэхэту Iуахыжьам процент 32-кIэ, сэхураным – процент 2,6-кIэ, кIэртIофым – процент 2,2-кIэ, хадзэкIым – процент 2-кIэ, пхъащхъэмыщхьэмрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэхэмрэ хуэди 2-кIэ хагъэхъуащ.

Бахъсэн щIыналъэм псы зыщIагъэльэдэ щIым илъэс кьэс къызэрыхагъахьэуэ и фIыгъэкIэ, мэкъумэшыщIэхэм ГъавэI нэхъыбэ ягъэхьащ Псалъэм къыдэкIуэу, 2019 - 2023 гъэхэм хьэцэпэщэу псори зэхэту Iуахыжьам процент 32-кIэ, сэхураным – процент 2,6-кIэ, кIэртIофым – процент 2,2-кIэ, хадзэкIым – процент 2-кIэ, пхъащхъэмыщхьэмрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэхэмрэ хуэди 2-кIэ хагъэхъуащ.

Гъавэ зытращIэ щIым къызэрыхамыгъахьуэр къалъытэу, мэкъумэшыщIэхэр хущIэкъу зэпытщ а щIыIэм нэхъ егугъу телъэныкъыну икIи нэхъыбэ къызэрытрахыным яужь итщ. 2023 гъэм хъэцэпэщэмрэ джэш къуреймрэ ику иту гектар кьэс центнер 69-рэ къытрахащ. 2022 гъэм щыIа бжыгъэжьм нэхърэ ар процент 12-кIэ нэхъыбэщ.

Бахъсэн щIыналъэм хадзэкIыу гектар кьэс центнер 200 нэгъабэ къыщрахьэлIэжащ, ари проценти 149-кIэ нэхъыбэщ 2022 гъэм елъытауэ. Апхуэдэ хэхъуэхэр кIэртIофымкIи – процент 11-кIэ, пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэхэмкIи – процент 23-кIэ яIэщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Урысей Федерацэм и Президенту зыхригъэхыну зыкъэзыгъэлъагъуэ Слуцкий Леонид и программэр

Сыт ЛДПР-м хэхыныгъэм хуигъэхьэзырар?

Урысейм зэрызиужьыпхъэм теухуауэ жэрдэм щхьэхуэхэр игъэхьэзыращ, абыхэм я нэхъыщхьэщ щIыналъэхэм я зыужьныгъэр. Программэм тегъэщIапIищ иIэщ: гъащIэр егъэфIэкIуэн, цIыхум зыуэщIыпIэ иIэн, къэкIуэнур шынагъуэншэу щытын. А псори дэтхэнэ зы цIыхуми и гъащIэм хэтыпхъэщ, абы къилэжьым е щыпсэум емыльытауэ. Дэ къэралыщхуэм дрицIыхуущ. Ар кьегъэльагъуэ абы и щэнхабзэ щIыним, иубыд щIыпIэм, псом нэхърэ нэхъ мыхьэнэ зиIэращи – цIыхум ирит Iэмалхэм. Ауэ ахэр щыхур щыпсэу щIыпIэм елъытауэ щытын хуейкъым. Къэралым уэзрыригушхуэр къыщожьэ уи унэмрэ узыпэрыт лэжьыгъэмрэ деж. Ди программэр хуэгъэпсащ щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм, кьалэхэм, кьуажэхэм щыпсэу цIыхухэм я псэукIэкIэ яIэ зэхуэмыдэныгъэр гъэкIуэдыным. Куэдрэ зэхьдох: Мэзкуу къакIуэри, нэгъуэщI къэралым къыщыхутауэ къыщыхъуащ. Апхуэдэу щытын хуейкъым. Ди программэр тещIыхьащ щхьтпэщылъ илъэсхэм. Ар хуэгъэпсащ 2030 гъэм ирихьэлIэу тхуэзфIэкIыпхъэхэм.

Сыт хуэдэ щIыкIэкIэ программэр зэрыдгъэзэщIэнур?

Дэ къэрал къулыкъущIэхэм я унафэ зехьэкIэ мардэхэр хъуэжьыным епха жэрдэмхэр догъэхьэзыр, щIыналъэхэм увыпIэ нэхъыбэ ящащылъысу. Къэралым и Правительствэм ЩIыналъэхэм зегъэужьныкIэмкIэ министерствэ хэтыпхъащ. Правительствэм хэтын хуейщ цIыхухэм я бжыгъэр зэрыхущIын елэжь, Демографие зыужьныгъэмкIэ министерствэ. Миграцэмкlэ министерствэм къэралым къэIэпхъуэ цIыхухэм я Iуэху зэрихуэн хуейщ, хэхэсхэм къэрал хабзэм е абы щызекIуэ псэукIэмебгъэрыкIуэныр ткIийуэ хуэзпапущIу. КъулыкъущIэхэм я лэжьакIэм ткIийуэ дыкIэлъыпплъынущ. Президентым ищIа унафэхэм ящыщу 5 ямыгъэззэщIауэ къэдгъэуатащ нобэр къыздэсым. КъулыкъущIэхэр мылажьэмэ, абыхэм я пIэ нэгъэщI къыгъэувэн хуейуэ аращ. Iэщ Iагъэм нэхъ хащIыкIыу, жэуаплныигъэ нэхъ ябгъэдэлъу. Программэр цIыхухэм я елъытыкIэм елъытауэ зэрыщытынум къыхэкIыу, къыддэлэжьэну гукъыдэж зиIэхэр къыдогъэблагъэ я чэнджэщ къыдакъэлIэну. Дэ езым ди пщэ дэтлъхьэжьынщ дыщыпсэуну дызыхуей къэралым и зыужьныгъэр. Программэм хэувэну гупыж зыбжанэ Къэрал Думэм хэт ди партым и къудамэмрэ щIыналъэхэм щылажьэ хабзэубзыху собранэхэмрэ утыку къыщредгъэхьэнуущ, хабзэщIэ къегъэщтэн жэрдэмкIэ. Проект зыбжанэр партым бгъэдэлъ мылъкумкIэ зэфIэдгъэкIынущ. 2030 гъэм ди лэжьыгъэр хэтпщытэжынущ.

КПРФ-м къыбгъэдэкIыу, УФ-м и Президент хъуну зыкъэзыгъэлъагъуэ Харитонов Николай щIыхэпхын щхьэусыгъуипщI:

1. ЦIыхубэм къыхэкIащ. И гъащIэм и нэхъыбэр Новосибирск областым щыщ Резинэ къуажэм щрихьэкIащ. И адэр – Дон щыщ къзакъщ, зауэм хэтащ. И анэр Могилевскэ областым, Белоруссием щыщщ президент Лукашенкэ А. Г. ещIыж.

2. УнафэщI зэчиифIащ. Илъэс 27-рэ ныбжьым иту совхозым и директору ягъэуващ, илъэс 18-кIэ а Iэнатlэр зэрихьащ икIи пэрытхэм ящыщ ищIащ. Лэжьыгъэми Iуэху зехьэкIэми щыгъуазэщ. Экономикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидатщ.

3. Политик Iэзэщ. 8-рэ депутату хахащ: РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм, иужьыкIэ УФ-м и Къэрал Думэм. Хэнейрэ – зы мандат окруГымкIэ, цIыхухэм дзыхь хуащI. Кьуэкlыпlэ Жыжьэмрэ Арктикэмкlэ Къэрал Думэм и комитетым и унафэщIщ. Хабзэ 92-рэ къыхилъхьащ. СССР-ми УФ-ми я саугъэтхэр хуагъэфэщащ.

4. Президент хэхыныгъэхэм хэтащ. 2004 гъэм абы щхьэкIэ я Iэ яIэтащ цIыху мелуани 9,5-м, хэхыныгъэм хэтахэм я процент 14-м.

5. ЦIыху хахуащ, жиIам тетыжщ. 1993 гъэм Ельцин Борис къыхилъхьа унафэ пхэжьым пэщIэуваУэ щытащ, Совет Нэхъыщхьэр яутIыпщыжыныр имыдзэ. Ельцинми къыхигъэзыхьащ, ауэ икIуэтакъым.

6. Урысейм и Iуэху дигъэкIыныкIэ ерыщщ. 2006 гъэм Феодосием американхэр дзэхуэжьахэм яхэтащ, цIыхубэ зыкъэзыIэтахэм я гъусэу. Урысейм Кырымыр, ДНР-р, ЛНР-р, Запорожскэ, Херсон областхэр къызэрыхагъэхьэжар къэбыл ищIащ. ТIощIэт пэщIэт ди армэм доIэпыкъу. Донбассым псапэхуэщIэу машинэ гупи 120-рэ иутIыпщащ. Новороссием щыщ сабий мин 16-м зригъэгъэпсэхуащ, дохутырхэр иригъэIэззащ.

7. Урыс къуажэхэр къэIэтыжыным жьыджэру хэлэжьыхьащ. Урысейм мэкъумэш Iэмэпсымэхэр щызэгъэпэщыжын Iуэхум, мэкъумэш Iэщ Iагъэгъэхьэр къэIэтыжыным холэжьыхь.

8. СССР-м зэрыщытам хуэдэу, Iупхьэхэхым ткIийуэ пэщIэтхэм ящщ. Мэзкуу Дзержинскэм и фэепIыр щезыгъэгъэувыжахэм ящыщщ.

9. Урыс щэнхабзэм и телъхьащ. Лэжьакlуэ гуп куэд къызэригъэпэщыжащ, махуэшхуэхэр къригъэIэтыжащ. Урысейм имыхабзэ кьегъэщтэным пэщIэтхэм ящыщщ.

10. Спортсменщ, и узынщагъэм кIэлъоплъ. Боксыр, футболыр, лъэрыжкIэ къэжьхьыныр, биатлоныр и щIэсэщ. УФ-м физкультурэмкIэ щыхъ зиIэ и лэжьакIуэщ. Мини-футболымкIэ УФ-м и спортклубыр къызэригъэпэщащ.

«Урысей Федерацэм и Президентыр хэхыным и Iуэхукlэ» Федеральнэ закон №19-ФЗ-уэ 2003 гъэм щIышылэм и 10-м къыдэкIам и 53-нэ Iыхьэм и 1-нэ пунктым ипкъ иткIэ пщIэншэу тыдодэзэ.

Бахъсэн щIыналъэм и зэфIэкIыр

Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэм иджыблагъэ къызэритамкIэ, Бахъсэн щIыналъэм псы зыщIагъэхьэ щIыуэ иIэм иужьрей илъэситхум гектар мини 2,7-рэ къыхагъэхъуащ, псыутх машинэу 31-рэ ягъэуващ. Ар яхуэзфIэкIащ «Дунейпсо кооперацэмрэ экспортымрэ» лъэпкъ пэхущIэм ипкъ иткIэ республикэм щылажьэ «Мэкъумэш продукцэр хамэ щIыпIэхэм яхуеГъэшэн» щIыналъэ пэхущIэм и фIыгъэкIэ.

● Пшыхьхэр

Хъуапсэ и псэ кIуэдыркъым

Льэгъуныгъэм къаруш-хуэ зэриIэм дригъэгупсысу, мазаем и 13 - 14-хэм КъБР-м и Музыкэ театрым лэжьы-гъэщIэ утыку къыщрахьащ. «Две мечты - одна судьба». УэрэджыгъакIуэ ПащIэ Маринэ и мюзиклым аращ фIищар. Пьесэ япэу зи Iэдакъэ къыщIэкIа хъыджэбзым и лэжьыгъэм хэт уэрэдхэри езым итхьжащ.

МЮЗИКЛЫР зытеухуа хъыбарыр, зэрыжьытIауэ, цIыхум и гур хэзыгъаХуэу гурыщIэрац. Абы и лIыхъужь нэхъыщхьитIыр хущIокъу я гъэугуанэм зыщIрихьэлIэ гъэунэхуныгъэхэм пхыкIыу, я лъагъуныгъэр зэрахъуиканым. Куэд щIат абыхэм гу зэрызэхуащIрэ. Зэманым псори щIигъэбыдэжат. Ауэ зэрысабийрэ зэрыщIыхуитIыр къыщыхъуа унагъуэхэр зэхуэдэтэкъым: зыр къулейт, адрейр къызэрыгуэкIт. Абы кърикIуэ Iуэхугъэхэмрэ гъуэгугъэлъагъуэ яхуэхъуа лъагъуныгъэм папщIэ ныбжьыщIитIым зэрыхьэф лыгъэмрэ дыкIэлъоплъ. Кьапщтэмэ, хэт насыплфIэ хъуну хуэмейр?! Ауэ насыпу кьапльытэмкIи щIыхуэхэр зэтеухэрыкъым. Зи гугъу тщIы мы Iэхуэхэр лэжьыгъэм и лъабжьэу щытми, абы гупсысэ нэхъ куухэри къыщыIэтащ: ахъшэмрэ мылъкумрэ дзэманым мыхьэнэщхуэ зэрагъэунэгр, я быныр зыщIэхъуэпсыр ямыщIэу, абыхэм я гъащIэр «нэхъ фейдэ пылъу» (езыхэм къаэзрыщIыхьумкIэ) зэраубзыхуным адэ-анэхэр иужь зэриухьэр, нэхъ уи Iуэнэгъу дыдэу къэплъытэ ныбжьэгъым и щIыбагъ къызэрыпхуигъэзэжыфыр, фыгъуэм цIыхум и нэр зэримыгъаплъэр. Спектаклым и кIыхьагъкIэ цIыхум хабзэжь хуэхъуахэм нобэрей гъащIэ епГъыкIэр зэрыпэщIэувэм, эзманым зэрызиуэхэам, зэрызиужьам дыкIэлъоплъ.

Мюзиклыр зи Iэдакъэщ**IэкI ПащIэ Маринэ** абы бзылъхугъэ роль нэхъыщхьэри (Заринэ) щегъэзащIэ. Ар тедгъэсэпльыхьащ Iэхуэр утыку кърихьэн хуей щIэхъуам.

«Мюзикл стхыну куэд щIауэ сыщIэхъуэпсырт. Ауэ режиссурэм е макъамэ зэхэлъхьным пыщIа Iэщагъэ сызэримыIэм щхьэкIэ - къэзухар Кавказ ИщхъэрэмГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым уэрэд жьIэныжкIэ и къудамэрщ сытегушхуэрэтхьым, цIыхухэм къаэзрыщIыхьныр сщIэртэкъыми, - жIэ артисткэм. - Лэжьыгъэм къыщIыуэтар си гъащIэм щыщщ. Зы щIыпIэхэм дежи зыгуэрхэр, дауи, щIызгъужащ, ауэ, къапщтэмэ, хъыбарыр зытеухуар сэращ. Пэжыр жысIэнщи, КъБР-м и Музыкэ театрым роль гуимыхуэ куэд щызгъэзэщIащ, ауэ мыбдеж си гур къыщIэзIуСхыпащ икIи сыдджэгу къудей мыхъуу, «Заринэ и сфIыгъэкIэ» къэзгъэльэгъуащ а псом сэ сызэрыхущытыр. ЛъагъуныгъэрКъабзэу, хьэрэмагъ хэмылъу щытын хуейщ. Сэ си фIэщ мэхъу апхуэдэ дунейм зэрытетыр... Мюзиклым дызэрелэжьам и гугъу тщIымэ, актёр псомэ я дежкIэ ар узыIэпызышэт. ЕмкIуж Андзор сыт щыгъуи езым и Iэхэу бгъэдыхьэкIэ иIэжщ, абы е режиссёр епГъыкIэр сыт щыгъуи щIэщыгъуэщ икIи ролхэр нэгъэсэуэ утыку ящытхьэн щхьэкIэ, язныкъуэми къаIэн мытыншхэр къытхуигъэувырт. Си гугъэмкIэ, дэтхэнэми мы лэжьыгъэм и щхьэкIэ, и IэщагъэкIэ дерс къыхихьфащ. Езы пьесэри макъамэхэри тыншу стхащ, си лIыжьыр нэхъыщхьэм и гущIагъщIэпльфхэм фIы дыдэу къызгурыIуэрти... Ауэ нэхъыщхьэр къыдэплъхэм я гум, я псэм «дыпльэсынраци», ди лIыжьыжьэм яхуэгузавэу ахэр зэрыкIэлъыплъар къэплъытэмэ, сыщогугъ лэжьыгъэр къыдэхъуIауэ.

Сыхуейт ди щIалэгъуалэм яхуэгъэзауэ мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр нэхъыбэу дгъэлъэгъуэну, телефонымрэ интернетымрэ зэщIыубыда ди хъыджэбз цIыкIуэмрэ щIалэжьмрэ ахэр ягъэтIылъу, мюзиклым хэт лIыхъужь нэхъыщхьитIым зы мащIкIэ ядэплъеину. Насыпыр мылъкум епхакъым, уи хъунэпсапIэр къохъулIэн щхьэкIэ ар уи щытыкIэкIэ къэблагъэшын хуейуэ аращ. Мюзиклым хэт Заринэ нэмысыфIэщ, унагъуэ хуэщIам щыпсэуми, гугъу зригъэхьу йоджэ, адэ-анэм пщIэ яхуещI, езым и щIэныгъэрэ къарукIэ псори зригъэхьулIэну иужь итщ. И лъагъуныгъэращи, ар абы хуэзэжащ. Мюзиклым хэт Заринэ нэмысыфIэщ, унагъуэ хуэщIам щыпсэуми, гугъу зригъэхьу йоджэ, адэ-анэм пщIэ яхуещI, езым и щIэныгъэрэ къарукIэ псори зригъэхьулIэну иужь итщ. И лъагъуныгъэращи, ар абы хуэзэжащ. Арыгъэ къызэпльытэ ди эзманым дызыдэплъеин хуейр».

Лэжьыгъэм и режиссёрыр Адыгэ Республикэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ЕмкIуж Андзор**, Мюзиклым зэригъэувам теухуауэ къыдэжащ: «Мюзиклым сызыщIадэлэжьа артистхэр дахагъэ къэгъэщIыным хуэпабгъэ, я лэжьыгъэр зрагъэхъулIэн папщIэ, уеблэмэ лIыгъэ щIэнми хуэхъэзыр защIэщ, абы кьыхэкIыу ар гъэувыным гупУуехь лIээнкъ хэлъкъым. Апхуэдэ дыдэу зи ужь дит Iэхуэр зыхищIыкIащ икIи къыддиIыигащ КъБР-м и Музыкэ театрым и унафэщIми. Пэжщ, ди цIыхур «зэса» спектаклхэм я ухуэкIэм ар тIэкIу къащхьэщокI. ДжэгуакIэм зыщIыпIэ дежи дыкъыщытекIагъэнщ, ауэ дэ дызыхущIэкъуэр театрепльым щIалэгъуалэм езым я бзэкIэ, я гупсысакIэ зыхуэдгъэзэнырщ. Режиссёрым и «лъагъуКIэхэри» артистхэм къагурыIуащ, дэтхэнэми хуэзфIэкI кьигъэнакъым. СфIэфIу мы театрым сыдэлэжьащ. Апхуэдэ гуп гъуэзэджэм къытебгъэзэжри удэлэжьэфынущ. КъБР-м и Музыкэ театрым сохъуэхъу щIалэгъуалэм яхуэгъэза мюзикл и репертуарым къызэрыхьыхьамкIэ».

